

**Cambridge Health Alliance**

**Politik Asistans Finansyè**

1ye mas 2025

## **Cambridge Health Alliance**

### **Politik Asistans Finansye**

#### **Tab Matyè**

Tab Matyè	1
Entwodiksyon	2
Kouvèti pou Sèvis Swen Sante Medikal Nesesè	3
A. Sèvis Swen Entansif ak Ijans	3
B. Sèvis ki pa Entansif, ki pa Ijan	4
C. Adrès Lopital yo	5
Pwogram Asistans Piblik ak Asistans Finansyè Lopital	6
A. Apèsi Jeneral sou Kouvèti Sante ak Pwogram Asistans Finansyè yo	6
B. Pwogram Asistans Piblik Eta yo	6
B.1 Asistans Finansyè Lopital atravè Health Safety Net la	6
B.2 Asistans Finansyè Adisyonèl Lopital	9
C. Avi ak Aplikasyon pou Asistans Finansyè Lopital ak Piblik Pwogram Asistans	10
C.1. Avi Asistans Finansyè Lopital ak Asistans Piblik ki Disponib Opsyon	10
C.2. Aplikasyon pou Pwogram Asistans Piblik	10
C.3. Wòl Konseye pou Aplikasyon Sètifye	11
Echantiyon Siy ki Poste	13

## **Entwodiksyon**

Politik sa aplike pou **The Cambridge Health Alliance** ak lokal espesifik li yo ak founisè ki idantife nan politik sa a.

Lopital la se prestatè premye liy k ap bay swen medikal nesese pou tout moun ki preznan nan lokal li yo kèlkeswa kapasite yo genyen pou peye. Lopital la ofri swen sa a pou **tout** pasyan ki vini nan lokal nou an pandan 24 èdtan nan jounen an, sèt jou nan semèn lan, 365 jou nan ane a. Lopital la pran angajman pou bay tout pasyan nou yo swen ak sèvis bonjan kalite ki gen ladan travay avèk endividé ki gen resous ak revni ki limite pou yo jwenn opsyon disponib pou kouvrir depans swen yo a.

Lopital la pral ede endividé ki pa asire yo ak sa ki sou-asire yo enskri pou kouvèti sante atravè yon pwogram asistans piblik. Nòmalman pwogram sa yo se, men pa sèlman:

- MassHealth
- Plan asirans premium Health Connector ofri yo
- Pwogram Sekirite Medikal pou Timoun nan (CMSP, Children's Medical Security Program)
- Health Safety Net (HSN)
- Medical Hardship.

Asistans pou pwogram sa yo detèmine apati analiz, pamì lòt bagay, revni fwaye, aktif, dimansyon fanmi, depans, ak bezwen medikal yon endividé.

Pandan lopital la ap asiste pasyan yo pou yo jwenn kouvèti sante atravè pwogram piblik yo, lopital la ka gen obligasyon tou pou li faktire ak kolekte pou balans espesifik pou peman nan men pasyan an kòmsadwa. Balans sa yo ka gen ladan yo, men pa sèlman, nenpòt kopeman konsène, franchiz, depo, ak lòt montan pasyan te dakò pran responsabilite pou yo. Lè y ap anrejistre pou sèvis yo, oswa lè yon resevwa yon fakti, lopital la ankouraje tout pasyan yo kontakte Depatman Asistans Finansyè nou an pou ede yo oswa manm fanmi yo detèmine bezwen ak elijibilite yo pou asistans finansyè.

Lopital la travay avèk pasyan yo pou yo jwenn asistans piblik ki disponib epi li pa diskrimine sou baz ras, koulè, peyi kote yo soti, sitwayènt, alyenasyon, reliyon, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite jan, laj, oswa andikap nan:

- politik oswa aplikasyon politik yo;
- akizisyon ak verifikasiyon enfòmasyon finansyè;
- egzijans depo pou pre-admisyon oswa pretretman;
- plan peman;
- admision ranvwaye oswa rejte;
- detèminasyon yon estati Pasyan Ti Revni jan sistèm elijibilite MassHealth/Connector Massachusetts la detèmine sa, oswa atestasyon enfòmasyon pou detèmine estati pasyan Ti Revni a.

Pandan nou konprann ke chak endividé gen yon sitiyasyon finansyè inik, yo ka jwenn enfòmasyon ak asistans sou elijibilite pou pwogram asistans publik yo lè yo kontakte Depatman Asistans Finansyè lopital la nan 617-665-1100, oswa an pèsòn Lendi rive Vandredi ant 8:00am ak 6:00pm (lè yo ka varye) nan lokal sa yo:

- Cambridge Hospital nan 1493 Cambridge Street, Cambridge, Massachusetts, 02139
- Somerville Hospital, 230 Highland Avenue, Somerville, Massachusetts, 02143
- Everett Hospital, 103 Garland Street, Everett, Massachusetts, 02149

Plis enfòmasyon sou kòman pou aplike pou asirans sante disponib sou sitwèb lopital la:

- [www.challiance.org](http://www.challiance.org)
- Afilye: Beth Israel Deaconess Center, MassGeneral Hospital for Children, Harvard Medical School Teaching Hospital

Aksyon lopital la ka poze nan ka yon peman ki pa fèt dekri nan lòt Politik Faktirasyon ak Koleksyon lopital la ki disponib sou demann.

### **Kouvèti pou Sèvis Swen Sante Medikal Nesesè**

Lopital la bay sèvis swen sante medikal nesesè ak swen sante konpòtmantal pou tout pasyan ki preznan nan yon lokal lopital la kèlkeswa kapasite yo genyen pou peye. Sèvis medikal nesesè yo se sa nan yon mannyè rezonab yo atann k ap anpeche, dyagnostike, anpeche deteryorasyon, aleje, koriye, oswa geri maladi ki mete lavi an danje, ki lakoz soufrans oswa doulè, ki lakoz defòmasyon oswa move fonksyonman fizik, ki menase pou lakoz oswa agrave yon andikap, oswa k ap bay yon maladi oswa enfimite. Sèvis Medikal Nesesè yo gen ladan yo sèvis pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène selon otorizasyon Tit XIX nan Lwa Sekirite Sosyal la.

Pwofesyonèl medikal k ap bay tretman an pral detèmine ki kalite ak nivo swen epi tretman ki nesesè pou chak pasyan sou baz sentom fizik li prezante yo epi li pral swiv nòm pratik ki aplikab yo. Lopital la swiv egzijans Lwa sou Tretman Medikal Ijan ak Travay Aktif (EMTALA - Emergency Medical Treatment and Active Labor Act) federal la pandan li reyalize egzamen depistaj medikal pou pasyan ki prezante nan yon lokal lopital la pou li jwenn sèvis an ijans pou detèmine si gen egzistans yon kondisyon medikal ki ijan.

Klasman sèvis ki ijan ak sèvis ki pa ijan an baze sou definisyon jeneral ki annapre yo, ansanm ak desizyon medikal klinisyen k ap bay tretman an. Lopital la itilize klasman sa ankò nan objektif pou detèmine kouvèti ijans ki admisib ak kouvèti move dét nan kad pwogram asistans finansyè lopital la, san bliye Health Safety Net la.

#### **A. Sèvis Swen Entansif ak Ijans**

Yo pral evalye nenpòt pasyan ki prezante nan yon lopital k ap mande asistans an ijans sou baz sentom fizik li prezante yo san yo pa mande l idantifye l, kouvèti asirans, oswa kapasite pou peye. Lopital la p ap angaje nan aksyon ki dekouraje endividé yo chèche swen medikal an ijans, tankou mande pasyan yo peye anvan yo jwenn tretman pou kondisyon medikal ijan an, oswa bloke depistaj pou swen medikal ijan an ak prestasyon swen medikal ijan an pandan l ap diskite anvan sou elijibilite pou pwogram asistans publik yo.

- a. Sèvis Nivo Ijans yo gen ladan tretman pou:
  - i. Yon kondisyon medikal, fizik oswa mantal, manifeste pa sentòm ki ase grav ki gen ladan gwo doulè, pou yon *moun ki pa pwofesyonèl sante men ki pridan, ki gen ti konesans sou sante ak medsin, lojikman l ap atann li si pa jwenn swen medikal touswit, sa ka lakoz*: (1) gen gwo risk sou sante *moun nan*; (2) *fonksyon kò moun nan degrade; oswa (3) twoub grav nan fonksyònman yon ògàn oswa yon pati nan òganis lan*, oswa nan ka yon fanm ansent, jan sa defini avèk plis presizyon nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B).
  - ii. Dapre egzijans federal yo, EMTALA aplike pou tout moun ki prezante nan espas yon lopital k ap mande egzamen oswa tretman pou yon ka ijans (jan sa defini anwo a) oswa ki antre nan depatman ijans lan k ap mande egzamen oswa tretman pou yon kondisyon medikal. Pi souvan, moun ki pa gen randevou yo prezante tèt yo nan depatman ijans lan. Sepandan, moun ki pa gen randevou k ap mande sèvis pou yon kondisyon medikal ijan pandan yo prezante nan yon lòt inite, klinik, oswa lòt zòn oksilyè pou pasyan ki entène oswa ki pa entène, y ap evalye yo e li posib pou yo transfere yo nan yon lokal ki plis apwopriye pou yon egzamen depistaj medikal ijan, an akò ak EMTALA a. Y ap bay pasyan an egzamen ak tretman pou kondisyon medikal ijans, oswa tout lòt sèvis konsa yo bay nan mezi egzijans EMTALA a, e y ap kalifye kòm swen nan nivo ijans. Se kliniyen k ap bay tretman an oswa lòt pèsonèl medikal kalifye nan lopital la k ap detèmine si gen yon kondisyon medikal ijan, jan sa dokimante nan dosye medikal lopital la.
- b. Sèvis Swen Ijan yo gen ladan yo tretman pou sa ki apre a:
  - i. Sèvis Medikal Nesesè yo bay nan yon Lopital Swen Entansif apre yon kondisyon medikal parèt sibitman, fizik oswa mantal, ki manifeste avèk sentom entansif ki ase grav (avèk gwo doulè) pou yon *moun ki pa pwofesyonèl sante ki gen ti konesans sou sante ak medsin, lojikman l ap atann li si pa jwenn swen medikal nan 24 èdtan, sa ka lakoz gen gwo risk sou sante moun nan; fonksyon kò moun nan degrade; oswa twoub grav nan fonksyònman yon ògàn oswa yon pati nan òganis lan*. Yo ofri Sèvis Swen Ijan yo pou kondisyon ki pa menasan pou lavi epi ki pa poze yon gwo risk pou domaj grav sou sante yon endividé. Sèvis Swen Ijan yo pa enkli Swen Prensipal oswa Opsyonèl.

## B. Sèvis ki pa Entansif, ki pa Ijan

Pou pasyan ki (1) gen klinisyen k ap ba yo tretman an ki detèmine se swen nan nivo non-entansif oswa ijan, oswa (2) ap chèche jwenn swen ak tretman apre stabilizasyon yon kondisyon medikal ijan, lopital ka konsidere ke swen sa se pou sèvis prensipal oswa opsyonèl.

- a. Sèvis Prensipal oswa Opsyonèl yo enkli swen medikal ki pa yon swen nan nivo Entansif oswa Ijan epi se endividé an oswa fanmi an ki mande li pou jere sante a ak anpeche maladi. Nòmalman, sèvis sa yo se entèvansyon/vizit sou sante medikal oswa konpòtmantal alavans oswa nan menm jou pa pasyan an oswa prestatè swen sante a nan lokal lopital la ki gen ladan, men pa sèlman kanmpis prensipal la, yon sit oswa lokal a distans, ansanm avèk yon biwo doktè, klinik, oswa sante kominotè afilye.

Swen Prensipal la genyen sèvis swen sante pèsonalize pratisyen jeneral, pratisyen fanmi, entènis jeneral, pedyat jeneral, ak pratisyen enfimyè oswa asistan doktè swen prensipal bay nan yon sèvis swen prensipal. Swen Prensipal la pa egzije pou gen resous espesyalize nan yon depatmab ijans nan yon Lopital Swen Entansif epi li pa gen Sèvis Oksilyè ak sèvis swen matènité.

- b. Sèvis ki pa entansif oswa ki pa ijan yo (sa vle di swen prensipal oswa opsyonl) ka retade oswa ranvwaye sou baz konsiltasyon avèk pèsonèl pasyan lopital la, ansanm avèk prestatè k ap trete oswa prestatè swen prensipal pasyan an si li disponib epi kòmsadwa. Lopital la ka refize bay yon pasyan sèvis ki pa entansif, ki pa ijan si eta sante pasyan an estab epi lopital la pa kapab jwenn nan men pasyan an oswa lòt sous, sous peman ki awopriye oswa enfòmasyon elijib pou asirans sante prive oswa publik pou kouvri depans swen ki pa entansif ak ki pa ijan an. Kouvèti pou sèvis swen sante yo, pamì yo sante medikal ak konpòtmantal, detèmine epi an grand liy nan manyèl kouvèti ak nesesite medikal yon konpayi asirans sante prive oswa publik. Pandan lopital la pral eseye detèmine kouvèti a sou baz kouvèti asirans li konnen ak ki disponib pou pasyan an, li ka faktire pasyan an si sèvis yo pa sèvis ki ranbousab epi si pasyan an asepte pou li faktire l.
- c. Kouvèti nan yon pwogram publik ka pa aplike pou yon seri entèvansyon prensipal oswa opsyonèl ki pa ranbousab pa opsyon kouvèti sa yo. Si pasyan an pa sèten si yon sèvis pa kouvri, li ta dwe kontakte Depatman Asistans Finansyè an nan 617-665-1100, oswa an pèsòn soti Lendi rive Vandredi ant 8:00am ak 6:00pm (lè yo ka varye) nan lokal annapre yo:
  - Cambridge Hospital nan 1493 Cambridge Street, Cambridge, Massachusetts, 02139
  - Somerville Hospital, 230 Highland Avenue, Somerville, Massachusetts, 02143
  - Everett Hospital, 103 Garland Street, Everett, Massachusetts, 02149

Kouvèti nan yon pwogram publik ka pa aplike pou yon seri entèvansyon prensipal oswa opsyonèl ki pa ranbousab pa opsyon kouvèti sa yo. Nou ankouraje pasyan yo kontakte konpayi asirans yo a pou yo asire yo ke sèvis yo kouvri epi detèmine tout depans ak lajan nan pòch yo pou pasyan an.

### **C. Lokal Lopital k ap bay sèvis medikal nesesè yo ansanm akvèk oswa anplis Sèvis Swen Prensipal, Entansif ak Ijan yo kouvri pa Politik Asistans Finansyè a:**

Politik Asistans Finansyè Lopital la aplike pou Cambridge Health Alliance ki genyen ladan twa lopital ak Òganizasyon Doktè a.

- The Cambridge Hospital  
1493 Cambridge Street, Cambridge, MA 02139  
Lendi rive Vandredi, 8:00 am pou 5:00 pm
- Somerville Hospital  
230 Highland Avenue, Somerville, MA 02143  
Lendi rive Vandredi, 8:00 am pou 4:30 pm
- Whidden Memorial Hospital

103 Garland Street, Everett, MA 02149  
Lendi rive Vandredi, 8:00 am pou 6:00 pm

## Pwogram Asistans Piblik ak Asistans Finansyè Lopital

### A. Apèsi Jeneral sou Kouvèti Sante ak Pwogram Asistans Finansyè yo

Pasyan lopital yo ka elijib pou rediksyon sou depans pou sèvis swen sante yo oswa gratis atravè pwogram asistans piblik (ki gen ladan men pa sèlman MassHealth, pwogram peman asistans prim lan ki opere pa Health Connector Children's Medical Security Program, Health Safety Net, ak Medical Hardship). Pwogram sa yo fêt pou asiste pasyan ti revni yo pandan l ay ap pran an kont kapasite chak endividé pou kontribye nan depans swen li. Pou endividé sa yo ki pa asire oswa ki sou-asire yo, lè yo mande sa, lopital la pral ede yo aplike pou kouvèti atravè pwogram asistans piblik yo ki ka kouvri tout oswa kèk nan fakti lopital ki poko peye yo.

### B. Pwogram Asistans Piblik Eta yo

Lopital la disponib pou asiste pasyan ki enskri nan pwogram kouvèti sante eta yo. Pami yo MassHealth, pwogram peman asistan prim lan ki opere pa Health Connector, Children's Medical Security Plan, Health Safety Net, ak Medical Hardship eta a. Pou pwogram sa yo, aplikan yo dwe soumèt yon aplikasypn atravè sitwèb anliy (ki gen santral li ki lokalize sou Sitwèb Health Connector eta a), yon aplikasyon sou papye, oswa nan telefòn avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl ki twouve li swa nan MassHealth swa nan Connector. Endividé yo ka mande konseye finansye lopital yo (yo rele yo tou konseye sètifye pou aplikasyon) asistans tou pou yo soumèt aplikasyon an sou sitwèb la oswa pa mwayen yon aplikasyon sou papye.

#### B.1 Asistans Finansyè Lopital atravè Health Safety Net la

Atravè patisipasyon li nan Health Safety Net massachusetts la, Lopital bay asistans finansyè pou pasyan ti revni ki pa asire ak sa ki sou-asire ki se rezidan Massachusetts epi ki reponn ak kalifikasyon revni yo. Health Safety Net la te kreye pou distribiye nan plis egalite depans pou bay swen ki pa konpanse pou pasyan ti revni ki pa asire epi ki sou-asiire yo atravè swen sou diskont oswa gratis nan lopital swen entansif Massachusetts yo. Gwoup swen ki pa konpanse Health Safety Net la akonpli atravè yon evalyasyon sou chak lopital pou kouvri depans swen pou pasyan ki pa asire ak sa ki sou-asire avèk revni ki anba 300% nivo povrete federal la. Se politik lopital la pou tout pasyan ki resevwa asistans finansye nan kad Politik Asistans Finansyè ki enkli sèvis Health Safety Net yo kòm yon pati nan swen ki pa konpanse yo bay pasyan ti revni yo.

Atravè patisipasyon li nan Health Safety Net la, pasyan ti revni yo k ap resevwa sèvis nan Lopital la ka elijib pou asistans finansyè, ki gen ladan swen gratis oswa gratis an pati pou sèvis HealthSafety Net yo ki defini nan 101 CMR 613:00.

##### (a) Health Safety Net - Primè

Pasyan ki pa asire ki se rezidan Massachusetts avèk Revni fwaye MassHealth MAGI oswa revni fanmi Medical Hardship, jan sa ekri nan 101 CMR 613.04(1), ant 0-150% nan Nivo Povrete Federal la (FPL) ka detèmine elijib pou Sèvis Health Safety Net yo.

Peryòd elijibilite ak kalite sèvis pou *Health Safety Net - Primè* yo limite pou pasyan ki elijib pou enskripsyon nan Pwogram Peman Asistans Prim lan ki opere pa Health Connector la jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b). Pasyan ki dwe reponn ak egzijans M.G.L. c. 15A, § 18 Pwogram Sante Etidyan an pa elijib pou *Health Safety Net – Primary*.

(b) *Health Safety Net -Segondè*

Pasyan ki se rezidan Massachusetts avèk asirans sante primè ak Revni Fwaye MassHealth MAGI oswa Revni Fanmi Medical Hardship, jan sa ekri nan 101 CMR 613.04(1), ant 0 ak 150% nan FPL ka detèmine elijib pou Sèvis Elujib Health Safety Net yo.

Peryòd elijibilite ak kalite sèvis pou *Health Safety Net - Segondè* yo limite pou pasyan ki elijib pou enskripsyon nan Pwogram Peman Asistans Prim lan ki opere pa Health Connector la jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b). Pasyan ki dwe reponn ak egzijans M.G.L. c. 15A, § 18 Pwogram Sante Etidyan an pa elijib pou *Health Safety Net – Primè*.

(c) *Health Safety Net - Franchiz Pasyèl*

Pasyan ki kalifye pou *Health Safety Net - Primè* oswa *Health Safety Net - Segondè* avèk revni Fwaye MassHealth MAGI oswa Revni Fanmi Medical Hardship ant 150.1% ak 300% FPL la ka sijè a franchiz anyèl lè tout manm Gwoup Fanmi Faktirasyon Prim (Premium Billing Family Group (PBFG)) gen yon revni ki depase 150.1% FPL la. Gwoup sa a defini nan 130 CMR 501.0001.

Si yon manm PBFG a gen yon FPL ki pi ba pase 150.1% pa gen franchiz pou okenn manm nan PBFG a. Franchiz anyèl la egal a pi gwo a pam:

Pwogram Peman Asistans Prim pi ba pri a ki Opere pa Health Connector premium, ajiste pou dimansyon PBFG an pwopòsyon ak nòm revni MassHealth yo, apati kòmansman ane sivil la; oswa

40% diferans ant revni Fwaye MassHealth MAGI ki pi ba a oswa Revni Fanmi Medical Hardship la, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), nan Gwoup Fanmi Faktirasyon Prim lan (PBFG) ak 200% FPL la.

(d) *Health Safety Net - Medical Hardship*

Yon rezidan Massachusetts ki gen nenpot revni ka kalifye pou *Medical Hardship* atravè Health Safety Net si depans medikal admisib yo te tèlman redui revni kontabilize li ke li pa kapab peye pou sèvis sante yo. Pou kalifye pou *Medical Hardship*, depans medikal admisib aplik an dwe depase yon pouvantaj espesifik nan Revni Kontabilize aplik ki defini nan 101 CMR 613 konsa:

**2025 MassHealth Income Standards and Federal Poverty Guidelines, Effective March 1, 2025**

Family Size	MassHealth Income Standards		100% Federal Poverty Level		133% Federal Poverty Level		150% Federal Poverty Level		190% Federal Poverty Level	
	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly
1	\$522	\$6,264	\$1,305	\$15,660	\$1,735	\$20,820	\$1,957	\$23,484	\$2,478	\$29,736
2	\$650	\$7,800	\$1,763	\$21,156	\$2,345	\$28,140	\$2,644	\$31,728	\$3,349	\$40,188
3	\$775	\$9,300	\$2,221	\$26,652	\$2,954	\$35,448	\$3,332	\$39,984		
4	\$891	\$10,692	\$2,680	\$32,160	\$3,564	\$42,768	\$4,019	\$48,228		
5	\$1,016	\$12,192	\$3,138	\$37,656	\$4,173	\$50,076	\$4,707	\$56,484		
6	\$1,141	\$13,692	\$3,596	\$43,152	\$4,783	\$57,396	\$5,394	\$64,728		
7	\$1,266	\$15,192	\$4,055	\$48,660	\$5,393	\$64,716	\$6,082	\$72,984		
8	\$1,383	\$16,596	\$4,513	\$54,156	\$6,002	\$72,024	\$6,769	\$81,228		
For each additional person, add	\$133	\$1,596	\$459	\$5,508	\$610	\$7,320	\$688	\$8,256		

These figures are rounded and may not reflect the figures used in program determination. The Institutional Income Standard is \$72.80.

Family Size	200% Federal Poverty Level		225% Federal Poverty Level		250% Federal Poverty Level		300% Federal Poverty Level		400% Federal Poverty Level	
	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly	Monthly	Yearly
1	\$2,609	\$31,308	\$2,935	\$35,220	\$3,261	\$39,132	\$3,913	\$46,956	\$5,217	\$62,604
2	\$3,525	\$42,300	\$3,966	\$47,592	\$4,407	\$52,884	\$5,288	\$63,456	\$7,050	\$84,600
3	\$4,442	\$53,304			\$5,553	\$66,636	\$6,663	\$79,956	\$8,884	\$106,608
4	\$5,359	\$64,308			\$6,698	\$80,376	\$8,038	\$96,456	\$10,717	\$128,604
5	\$6,275	\$75,300			\$7,844	\$94,128	\$9,413	\$112,956	\$12,550	\$150,600
6	\$7,192	\$86,304			\$8,990	\$107,880	\$10,788	\$129,456	\$14,384	\$172,608
7	\$8,109	\$97,308			\$10,136	\$121,632	\$12,163	\$145,956	\$16,217	\$194,604
8	\$9,025	\$108,300			\$11,282	\$135,384	\$13,538	\$162,456	\$18,050	\$216,600
For each additional person, add	\$917	\$11,004			\$1,146	\$13,752	\$1,375	\$16,500	\$1,834	\$22,008

These figures are rounded and may not reflect the figures used in program determination. The Institutional Income Standard is \$72.80.

Kontribisyon obligatwa aplikan an kalkile antanke pousantaj espesifik Revni Kontabilize nan 101 CMR 613.05(1)(b) sou baz FPL *Medical Hardship* fanmi an miltipliye pa Revni Kontabilize reyèl la mwens fakti ki pa elijib pou peman Health Safety Net, aplikan an pral resposab pou li a. Lòt egzijans pou *Medical Hardship* yo presize nan 101 CMR 613.05.

## B.2. Asistans Finansyè Adisyonèl

Anplis Health Safety Net la, lopital la bay asistans finansyè pou pasyan sa yo ki ranpli kritè li yo jan yo an grand liy anba a. Asistans finansyè sa a la pou konplete e pa pou ranplase lòt kouvèti pou sèvis yo nan sousi pou asire ke yo jwenn asistans finansyè a lè yo bezwen li. Lopital la p ap refize asistans finansyè nan kad politik asistans finansyè li sou baz erè aplikan an kote li pa bay enfòmasyon oswa dokimantasyon sof si enfòmasyon oswa dokimantasyon sa a dekri nan epi nesesè pou detèminasyon asistans finansyè a atravè fòmilè aplikasyon an.

- Cambridge Health Alliance pral ofri yon 25% diskont sou chaj li pibliye bay pasyan ki pa kalifye apre yo fin evalye pou elijibilite MassHealth oswa Health Safety Net avèk yon Demann Avantaj MassHealth (MBR) epi pa genyen okenn lòt kouvèti asirans ki pral bay rambousman pou sèvis yo. Diskont p ap aplike pou okenn ko-asirans ak/oswa franchiz.

2. Lopital la, apre yon egzamen entèn sou ka chak pasyan, ka ofri yon pasyan yon diskont adisyonèl sou yon fakti ki poko peye jan Chèf Finans lopital la oswa moun li deziyen an otorize sa. Sa t ap eskli sèvis ki idantifye kòm:
  - i. "Frè pou Sèvis: sa vle di Chiriji Estetik, Plasti, Linèt, Lantiy, elatriye. Nenpòt bagay ki idantifye kòm Frè pou Sèvis.
  - ii. Franchiz, kopeman, HSN pasyèl.
  - iii. Nan ka yon pasyan refize evalye pou nenpòt kalite asistans piblik, pasyan an p ap kalifye pou diskont adisyonèl sou yon fakti ki poko peye. Diskont sa t ap aplike si li peye nan 30 jou apati premye deklarasyon an. Yon egzamen konsa pral fè pati pwogram asistan finansyè entèn yon lopital ki aplike sou yon baz inifòm pou pasyan yo, epi ki pran an konsiderasyon sitiyasyon finansyè pasyan an ak enkapasite pasyan an pou fè yon peman apre aksyon koleksyon rezonab. Tout diskont lopital la bay konsistan avèk egzijans federal ak leta yo, epi li pa enflyanse yon pasyan pou li resevwa sèvis nan lopital la oswa jenere biznis pwogram leta oswa federal kapab peye.
3. Franchiz MassHealth Spend Down/Health Safety Net  
Nan ka yon pasyan aplike pou MassHealth/Health Safety Net epi kalifye pou yon spend down, pasyan an responsab pou balans y ap peye poukонт to a san diskont, sou baz règleman MassHealth ak Health Safety Net.
4. Pou ka kote lopital la ap itilize Aplikasyon HIX, lopital pral asiste pasyan an nan ranpli aplikasyon pou MassHealth, Health Safety Net, oswa lòt fòmilè pwogram asistans finansyè paske yo vin fè pati Pwogram Lwa sou Swen Abòdab la.

## C. Avi ak Aplikasyon pou Pwogram Asistans Piblik

### *C.1 Avi sou Opsyon Asistans Piblik ki Disponib yo*

Pou endividia sa yo ki pa asire oswa ki sou-asire yo, lopital la pral travay avèk pasyan yo pou ede yo aplike pou asistans piblik ki ka kouvri tout oswa kèk nan fakti lopital ki poko peye yo. Nan sousi pou ede endividia ki pa asire ak sa ki sou-asire yo jwenn opsyon ki apwopriye epi ki disponib yo, lopital la pral bay tout endividia yo yon avi jeneral sou disponibilite asistans piblik ka pandan enskripsyon inisyal an pèsòn pasyan an nan lokal lopital pou yon sèvis, nan tout fakti pou peye yo voye bay yon pasyan oswa garan, ak lè prestatè a pa avize oswa nan pwòp dilijans li, li vin pran konsyans de yon chanjman nan elibilité pasyan an pou kouvèti asirans prive oswa piblik la.

Lopital la poste tou avi jeneral yo nan zòn prestasyon sèvis yo avèk yon enskripsyon oswa kontwòl (ki gen ladan, men pa sèlman, depatman pasyan entène, pasyan ekstèn, ijans, ak sant sante kominotè), nan biwo Konseye Sètifye pou Aplikasyon yo ("CAC"), ak nan zòn biwo biznis jeneral yo ki konn sèvi pa Pasyan yo (ekzanp, zòn admisyon ak enskripsyon, oswa biwo sèvis finans pasyan ki toujou ouvri pou piblik la). Avi jeneral la pral enfòme pasyan an sou disponibilite asistans piblik (tankou MassHealth, pwogram peman asistans prim lan ki opere pa

Health Connector, Children's Medical Security Program, Health Safety Net ak Medical Hardship) ansanm ak lokal nan lopital la ak/oswa nimewo telefòn pou rele pou planifye yon randevou avèk yon CAC. Objektif avi jeneral sa yo se pou asiste endividé yo nan aplike pou yon kouvèti nan youn oswa plizyè nan pwogram sa yo.

Tout avi yo an anglè avèk disponibilité pou jwenn, sou demann, 13 lòt lang atravè Depatman Relasyon Pasyan nou an. Avi yo se pano afichaj plastifye 18" x 24" epi yo pandye sou mi nan tout zòn deziyen yo (Gade Ekzibit ki Atache a).

### ***C.2. Aplikasyon pou Pwogram Asistans Piblik***

Lopital la disponib pou asiste pasyan ki enskri nan yon pwogram kouvèti sante eta. Pwogram sa yo se MassHealth, pwogram peman asistans prim lan ki opere pa Health Connector, ak Children's Medical Security Plan. Dapre enfòmasyon pasyan an bay yo, lopital la pral idantifye opsyon kouvèti ki disponib yo atravè pwogram Health Safety Net ak Medical Hardship.

Pou pwogram ki pa Medical Hardship, aplikan yo kapab soumèt yon aplikasyon atravè yon sitwèb anliy (ki gen santral li ki lokalize sou Sitwèb Health Connector), yon aplikasyon sou papye, oswa nan telefòn avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl ki lokalize swa nan MassHealth oswa nan Connector. Endividé yo ka mande tou pou asistans nan men konseye sètifye pou aplikasyon lopital la pou yo soumèt aplikasyon an sou sitwèb la oswa pa mwayen yon aplikasyon sou papye.

Pou Medical Hardship, lopital la pral travay avèk pasyan an pou detèmine si yon pwogram tankou Medical Hardship t ap apwopriye epi soumèt yon aplikasyon pou Medical Hardship nan Health Safety Net la. Se obligasyon pasyan an pou li bay tout enfòmasyon ki nesesè jan lopital la mande sa nan yon delè apwopriye pou asire ke lopital la kapab soumèt yon aplikasyon konplè. Si pasyan an anmezi bay tout enfòmasyon yo atan, lopital la pral antreprann efò pou soumèt aplikasyon total ak konplè nan senk (5) jou ouvrab apre resepsyon tout enfòmasyon yo mande epi ki nesesè yo. Si aplikasyon total ak konplè a pa soumèt nan senk jou ouvrab apre resepsyon tout enfòmasyon nesesè yo, aksyon koleksyon ka poze kont pasyan pou sa ki gen pou wè avèk fakti ki elijib pou Medical Hardship.

Lopital la ka asiste pasyan yo tou nan enskri nan Health Safety Net avèk yon pwosesis detèminasyon sou sipozisyon, ki bay yon peryòd elijibilite ki limite. Pwosesis sa a reyalize pa lopital la ak pèsonèl sant sante komunitè a, ki sou baz atestasyon pèsonèl enfòmasyon finansyè pasyan an, pral sipoze yon pasyan koresponn ak definisyon pasyan ti revni a epi l ap kouvri pou sèvis Health Safety Net yo sèlman. Kouvèti ap kòmanse nan dat kote prestatè a detèmine sa jiiska finisman mwa apre a kote detèminasyon sou sipozisyon an fèt la. Sepandan, kouvèti a ka fini pi bonè si pasyan an soumèt yon apliksyon konplè jan sa dekri anwo a.

### ***C.3. Wòl Konseye pou Aplikasyon Sètifye (CAC)***

Lopital la pral ede endividé ki pa asire ak sa ki sou-asire yo aplike pou kouvèti sante atravè yon pwogram asistans piblik (ki gen ladan, men pa sèlman MassHealth, pwogram peman asistans prim lan ki operepa Health Connector, ak Children's Medical Security Program), epi travay avèk endividé yo pou enskri yo kòmsadwa. Lopital la pral ede pasyan ki swete aplike pou asistans finansyè tou, ki gen ladan kouvèti atravè Health Safety Net la ak Medical Hardship la.

Lopital la pral:

- a) bay enfòmasyon sou tout pwogram yo, pamì yo MassHealth, pwogram peman asistan prim lan ki opere pa Health Connector, Children's Medical Security Plan, Health Safety Net, ak Medical Hardship.
  - b) ede endividì yo ranpli yon nouvo aplikasyon pou kouvèti oswa soumèt yon renouvelman pou kouvèti ki la dejà;
  - c) travay avèk endividì pou li jwenn tout dokimantasyon yo egzije yo;
  - d) soumèt aplikasyon oswa renouvelman (ansanm avèk tout dokimantasyon yo egzije yo);
  - e) entèraji, lè sa nesesè ak jan limit sistèm aktyèl yo pèmèt sa, avèk Pwogram yo sou estati aplikasyon ak renouvelman sa yo;
  - f) ede fasilite enskripsiyon aplikan oswa benefisyè yo nan Pwogram Asirans yo; epi
  - g) ofri ak bay asistans enskripsiyon pou votè.

Lopital la pral konseye pasyan an sou obligasyon li genyen pou li bay lopital la ak ajans eta ki konsène a enfòmasyon atan epi egzak sou non konplè, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si disponib), aktyèl opsyon kouvèti asirans (ki gen ladan asirans kay, veyikil a motè, ak lòt responsabilite) ki kapab kouvri depans swen li resevwa a, tout lòt resous finansyè ki konsène, ak enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans. Enfòmasyon sa yo pral soumèt bay eta a nan kad aplikasyon pou asistans pou pwogram piblik la pou detèmine kouvèti pou sèvis yo bay endividé a.

Nan ka yon endividé oswa garan pa anmezi bay enfòmasyon ki nesesè yo, lopital la ka (sou demann endividé a) fè efò rezonab pou li jwenn tout enfòmasyon siplémentè nan men lòt sous. Efò sa yo enkli tou, travay avèk endividé yo, lè endividé a mande sa, pou detèmine lè yon fakti pou sèvis dwe ale jwenn endividé a pou asiste nan jwenn franchiz yon sèl fwa a. Efò sa yo ka fèt lè endividé a planifye sèvis li yo, pandan pre-enskripsyon an, pandan endividé a fin gen dosye nan lopital la, apre egzeyat, oswa pou yon lè rezonab apre egzeyat nan lopital la. Enfòmasyon CAC jwenn yo ap jere an akò avèk lwa sou sekirite ak vi prive leta ak federal yo.

Lopital la pral avize pasyan an tou pandan pwosesis aplikasyon an sou responsabilite li genyen pou rapòte bay lopital la ak bay ajans eta k ap bay kouvèti sèvis swen sante yo bay nenpòt tyès ki ka responsab pou peye demann yo, ki gen ladan yo politik asirans yon kay, otomobil, oswa lòt politik responsabilite asirans. Si pasyan an soumèt demann yon tyès oswa depoze yon plent lajistik kont yon tyès, CAC a pral avize pasyan an sou egzijans pou avize prestatè a ak pwogram eta a nan 10 jou apre aksyon sa a. Pasyan an pral jwenn enfèmasyo tou ke li dwe retounen peye ajans eta apwopriye a montan pou swen sante ki kouvri pa pwogram eta a si gen yon rekiperasyon sou demann lan, oswa bay eta a dwa a pou otorize li rekiperere montan ki pou li a.

Lè endividé a kontakte lopital la, lopital la pral evalye enfòmasyon yo pou endividé sa pou detèmibe kalifikasyon li pou yon pwogram asistans piblik oswa atravè pwogram asistans finansyè lopital la. Yon endividé ki enskri nan yon pwogram asistans piblik ka kalifye pou yon seri avantaj.